# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

संसद क बजट सत्र आजु से सुरू हो गइल हौ। केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामण बजट सत्र के पहिला दिन्ने दुन्नो सदन में आरथिक सर्वेक्षण पेस कइलिनि। आर्थिक सर्वेक्षण दुइ हजार तेइस–चउबीस में वित्त बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस बदे सकल घरेलू उत्पाद क वृद्धि दर साढ़े छौ से सात फीसदी के बिच्चे रहले क अनुमान लगावल गइल हौ। वित्तमंत्री बिहने संसद में एनडीए सरकार के तिसरका कार्यकाल क पहिला बजट पेस करिहें। ओहर, आजु बजट सत्र सुरू भइले से पहिले मीडिया के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि बिहने पेस कइल जाये वाला बजट अमृतकाल क खास बजट होई। प्रधानमंत्री सज्जो राजनीतिक दलन से दलगत राजनीति से उप्पर उठले अउर अगिला साढ़े चारि सालि खातिर अपने आप के देस बदे समरपित कइले क आग्रह कइलें।

**********

मेडिकल प्रवेस परीक्षा, नीट यूजी के ले के दाखिल याचिका पर आजु सुप्रीम कोर्ट में फेर सुनवाई भइल। सुप्रीम कोर्ट क चीफ जस्टीस डीवाई चन्द्रचूड क अध्यक्षता वाली खण्ड पीठि आजु दिल्ली आईआईटी क निदेसक के तीन बिसेसज्ञन क कमेठी गठित कइले क आदेस दिहलस। ई कमेटी परीक्षा में आइल एगो सवाल क सही जबाब पर आपन राय देई। नीट मामिला में सुप्रीम कोर्ट में बिहनहूं सुनवाई जारी रही। येह बिच्चे, मामिला के ले के आजु संसद क बजट सत्र सुरू होते बिपक्ष कई गो सवाल उठवलस, जेकर जबाब केन्द्रीय सिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान दिहलें।

**********

भगवान शिव क अतिप्रिय सावन महिन्ना आजु से सुरू हो गइल हौ। ईहो सुखद संजोग हौ कि सावन महिन्ना क सुरूआति भगवान सिव के समरपित मानल जाये वाला दिन सोम्मार से भइल हौ। सावन के पहिला सोम्मार पर प्रदेस क सज्जो प्रसिद्ध अउर खास सिव मंदिरन पर भगवान शंकर क जलाभिषेक अउर दरसन–पूजन बदे भिन्नहियें से सरधालुअन क हुजूम उमड़ि पड़ल। भगवान शिव क बारह ज्योर्तिलिंग में से एगो बनारस क काशी विश्वनाथ धाम में भिन्नहियें से ऐरि संख्या में सरधालु दरसन–पूजन कइ रहल हवें। हमरे प्रतिनिधि क एगो रिपोर्ट–

***काशी के सभी शिवालियों में भक्तों की भीड़ सुबह से ही उमड़ी है। सावन के पहले सोमवार पर श्री काशी विश्वनाथ के दर्शन, पूजन और जलाभिषेक के लिए रविवार देर रात से ही कांवड़ियों की कतार लगी रही। जैसे ही भगवान शिव के मंगला आरती के लिए कपाट खुले भक्त हर–हर महादेव के गगनचुंबी उद्‌घोष से पूरा इलाका शिवमय कर दिया मंदिर प्रशासन के अनुसार आज 5 लाख से ज्यादा लोक काशी विश्वनाथमंदिर में दर्शन पूजन करेंगे। मनीष सिंह, आकाशवाणी समाचार, वाराणसी।***

ओहर ब्रह्म मुहूर्त से अजोध्या पहुंचल सरधालु सरजू में डुबकी लगा के कनक भवन, हनुमानगढ़ी अउर राम जन्मभूमि मंदिर के सथहीं सज्जो प्रमुख मंदिरन में पूजा–अर्चना कइ रहल हवें। खास तौर से नागेश्वरनाथ अउर क्षीरेश्वरनाथ के सथहीं भोले शंकर के मंदिरन में शिव भक्तन क भारी भीड़ि हौ, जहवां शिव क जयकारा के बिच्चे भक्त दुग्धाभिषेक अउर जलाभिषेक कइ रहल हवें। गोरखपुर में प्रसिद्ध झारखण्डी महादेव मंदिर, मुक्तेश्वरनाथ मंदिर, मोटेश्वर शिव मंदिर पिपराइच, मानसरोवर मंदिर अउर चित्रकूट, प्रयागराज, मथुरा, संतकबीरनगर, जौनपुर, गाजीपुर के सथहीं प्रदेस के सज्जो जिलन के प्रमुख शिव मंदिरनों में भिन्नहियें से जलाभिषेक बदे सरधालुअन क कतार लागल रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में करीब तीनि सौ लोगिन क समेस्या सुनलें अउर ओकरे समाधान क निरदेस सम्बन्धित अधिकारियन के दिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेसित करत कहलें कि हर मनई के समेस्या क समाधान तत्परता अउर संवेदनसीलता के साथे होखे के चाही।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु आजमगढ़ के कलेक्ट्रेट सभागार में विकास कार्यन अउर कानून व्यवस्था क मण्डलीय समीक्षा कइलें। येह दौरान उहां के कहलीं कि हर परियोजना बदे एगो नोडल अधिकारी तैनात कइल जाव अउर सीनियर अधिकारी सज्जो विकास परियोजनन क हर पनरह दिन में खुदे समीक्षा कइ के सासन के रिपोर्ट उपलब्ध करावें। उहां के बाढ़ि के ले के अधिकारियन के अलर्ट मोड में रहे के कहलीं। आजमगढ़ दौरा पर मुख्यमंत्री बनि रहल हरिहरपुर संगीत महाविद्यालय क निरीक्षणो कइलें।

**********

बरिस दुइ हजार पचीस बदे देस क सर्वोच्च नागरिक सम्मान पद्म पुरस्कारन–पद्म विभूषण, पद्मभूषण अउर पद्मश्री बदे नामांकन पनरह सितम्बर ले कइल जा सके ला। केन्द्रीय गृह मंत्रालय कहले हवे कि पद्म पुरस्कारन बदे नामांकन अउर सिफारिस राष्ट्रीय पुरस्कार पोर्टल पर प्राप्त कइल जाई।

**********

प्रदेस के कई गो पूरबी जिलन में आजु जहवां आसमान में बदरी छवले रहे ओहीं, पच्छिमी इलाका के सहारनपुर अउर मजफ्फरनगर में दुइ घंटा से बेसी बरखा भइल। येह बिच्चे मौसम विभाग बिहने प्रदेस के कई जिलन में हल्लुक से मध्यम बरखा भइले क अनुमान जतवले हवे।

**********